

## Notifikasyon *Boston Medical Center* sou Pratik Medikal Prive

### NOTIFIKASYON SA A PREZANTE FASON YO KAPAB ITILIZE EPI BAY ENFÒMASYON MEDIKAL OU, EPI LI MONTRE TOU KOUMAN YO KAPAB ALE NAN ENFÒMASYON SA YO. TANPRI REVIZE L AK PREKOSYON.

*Boston Medical Center* (BMC) ansanm avèk doktè ki manm li yo oswa lòt doktè yo kreye yon dosye medikal chak fwa ou resevwa laswenyaj oswa sèvis. Dosye medikal ou gen ladan enfòmasyon sou sentòm maladi, egzamen, rezilta tèst yo, dyagnostik ak bòdwo pou sèvis ou resevwa yo. Lalwa egzije BMC pou l konsève enfòmasyon medikal prive w yo, epitou pou li fè w konnen kouman li konsève enfòmasyon sa yo. BMC gen egzijans pou l respekte kondisyon Notifikasyon sou Pratik Medikal Prive (NPP) ki ann aplikasyon pou kounye a. Ou kapab toujou reklame yon kopi Notifikasyon sa a nan zòn Enskripsyon ou. Ou kapab wè Notifikasyon sa a tou nan wèbsayt nou: <http://www.bmc.org>.

Notifikasyon sa a ann aplikasyon pou BMC, pou doktè k ap ofri laswenyaj nan *Boston University Medical Center Faculty Plan Foundation*, epitou pou moun sa yo oswa òganizasyon sa yo ki manm BMC:

- Nenpòt pwofesyonèl medikal ki gen otorizasyon pou mete enfòmasyon nan tablo afichaj lopital ou
- Nenpòt pwofesyonèl medikal ki manm Pèsonèl Medikal ak Pèsonèl Dantè BMC
- Tout manm ki reprezante mendèv BMC, tankou anplwaye yo, pèsonèl la, volontè yo ak lòt manm pèsonèl lopital la
- Sant Sante Kominote *Boston HealthNet* yo: BMC ak sant sante sa yo itilize menm enfòmasyon medikal pou zafè tretman, peman ak pou fason yo ofri laswenyaj la, jan sa endike nan Notifikasyon sa a.

### **MEN KOUMAN NOU KAPAB ITILIZE EPI BAY (DEWALE) ENFÒMASYON SOU DOSYE MEDIKAL OU**

Itilizasyon vle di sèvi avèk enfòmasyon yo andedan BMC. Piblikasyon vle di bay enfòmasyon yo andeyò BMC. Nou kapab itilize epi devwale enfòmasyon medikal yo nan fason sa yo san nou pa gen okenn pèmision espesyal.

#### ➤ **Tretman, Peman, Fason yo bay laswenyaj la**

- **Tretman** – se pou nou ofri, prepare oswa gide laswenyaj ou ansanm ak sèvis ki asosye yo. Doktè yo, enfimyè yo, teknisyen yo, etidyan an medsin yo ak lòt manm pèsonèl medikal k ap patisipe nan ba w laswenyaj la itilize menm enfòmasyon medikal ou yo. Nan tretman w lan, y ap bezwen travay ak moun ki patisipe nan bay laswenyaj anvan epi

apre ou fin resevwa sèvis yo nan BMC. Pa egzanp, BMC kapab devwale enfòmasyon yo bay (1) yon sèvis anbilans ki vin depoze w oswa ki vin chèche w nan BMC; (2) yon sant reyabilitasyon oswa yon klinik ki pral bay ou laswenyaj; epitou (3) lòt doktè ki kapab trete w, tankou doktè ki voye w vin resevwa laswenyaj nan BMC, oswa doktè kote doktè BMC a voye w la, oswa doktè ki patisipe nan ba w laswenyaj la.

- **Peman lajan** pou Tretman – se pou ede BMC oswa lòt doktè jwenn peman lajan pou sèvis laswenyaj ou resevwa yo. Men sa ki fè pati aktivite peman an: (1) tcheke si w kalifye oswa si se yon plan sante ki voye w; (2) analize nesosite ou genyen pou w resevwa sèvis yo ak fason pou w jwenn yo; epitou (3) voye bòdwo yo bay konpayi asirans ou.

## Notifikasyon *Boston Medical Center* sou Pratik Medikal Prive

- **Fason yo bay laswenyaj la** – se pou ede BMC fonksyone pi byen oswa pou tcheke kalite laswenyaj ou resevwa a. Pa egzanp, nou kapab rasanble enfòmasyon nan plizyè sous sou pasyan yo pou analize laswenyaj yo resevwa a. Nou kapab itilize enfòmasyon medikal yo tou pou analize pèfòmans anplwaye yo; pou antrene etidyan yo; pou ede yo satisfè règleman otorizasyon ak akreditasyon lopital la; epitou pou fè pwomosyon ak ogmante kapital lajan pou BMC. Nou kapab devwale enfòmasyon medikal ou tou bay “Antrepriz Asosye” nou angaje pou ede nou, tankou konpayi ki prepare faktirasyon ak konpayi enfòmasyon, kontab ak daktilograf. Tout Antrepriz Asosye yo dwe ban nou yon garanti alekri pou yo fè nou konnen y ap konsève enfòmasyon medikal ou an sekre.

### ➤ **Lòt Itilizasyon ak Piblikasyon yo Otorize yo**

BMC kapab itilize epi devwale tou enfòmasyon medikal ou yo nan sitiyasyon sa yo:

- **Pou yo fè w Sonje Randevou yo:** li voye yon ti nòt sou sa ba ou konsènan tretman ou swen medikal ou.
- **Avantaj ak Sèvis anrapò ak Sante, epi Lòt Posibilite pou w jwenn Tretman:** li voye ba ou enfòmasyon sou lòt posibilite pou w jwenn tretman ou swen sou avantaj ak sèvis anrapò ak sante ki kapab enterese w.
- **Aktivite Ranmase Lajan:** y ap kontakte w sou jefò k ap fèt pou ranmase lajan. Nenpòt dokiman ou resevwa ap gen ladan enfòmasyon sou fason pou w retire non w nan lis ranmase lajan an.

### **MEN ITILIZASYON AK PIBLIKASYON KI EGZIJE POSIBLITE POU W DAKÒ OSWA POU W PA DAKÒ**

Pou yo itilize epi devwale enfòmasyon medikal ou nan ka sa yo, nou dwe ba ou posibilite pou w dakò oswa pou w pa dakò:

**Lis Pasyan:** nan lis BMC yo, yo mete non w, kote ou ye a pandan w nan BMC, eta sante w ak asosyasyon relijye ou. Yo devwale enfòmasyon ki nan lis la bay:

- Manm klèje yo
- Lòt moun ki mande pou ou depi yo site non w (sof manm asosyasyon relijye ou)

Si w pa ta kapab fè konnen si w dakò oswa si w pa dakò, BMC kapab mete w nan lis li epi devwale enfòmasyon w ki nan lis la si li ta kwè se nan pi bon enterè w l ap fè sa. Si w ta vin kapab pou fè konnen ou dakò oswa ou pa dakò, y ap ba ou posibilite pou w fè konnen sa w deside. Si w pa ta dakò pou yo mete w nan lis BMC yo, nou pa p devwale enfòmasyon w bay okenn moun ki mande pou ou, tankou moun ki pote flè pou ou, Sèvis Lapòs Ameriken, manm fanmi ou, zanmi, klèje, oswa nenpòt lòt moun ki ta mande pou ou oswa pou kote ou ye a.

### **Moun ki Patisipe nan ba w Lawenyaj yo**

- Bay moun ki patisipe nan ba w laswenyaj yo oswa bay moun ki ede w peye bòdwo pou laswenyaj ou resevwa, tankou manm fanmi ou yo, paran, zanmi pwòch ou lòt moun ou ta idantifye.
- Lè w pa la, nou kapab sèvi ak jijman pwofesyonèl nou epi konsidere sa ki nan pi bon enterè w pou n deside devwale enfòmasyon itil bay yon moun ki patisipe dirèkteman nan ba w laswenyaj.

### **Notifikasyon**

- Pou fè fanmi ou oswa lòt moun ki reskonsab ba w laswenyaj konnen kote ou ye, eta sante ou swen lanmò w.

### **Pou pote sekou lè gen katastwòf**

- Bay enstitisyon piblik ou swen prive ki gen otorizasyon pou yo kab bay èd yo nan jefò pou yo pote sekou lè gen yon katastwòf.

## Notifikasyon *Boston Medical Center* sou Pratik Medikal Prive

- Pou yo kab aji ansanm ak moun ki patisipe nan ba w laswenyaj yo lè y ap itilize epi pibliye enfòmasyon yo.

### ITILIZASYON AK PIBLIKASYON ENFÒMASYON KI PA EGZIJE PÈMISYON OU

BMC kapab itilize oswa devwale enfòmasyon medikal konfidansyèl ou nan kèk ka san w pa bay otorizasyon pou sa. Lis sa a prezante ki fason sa kapab fèt. Se pa chak itilizasyon oswa chak piblikasyon nan yon kategori enfòmasyon y ap mete nan lis la. Men nan sèten ka, nou kapab bay yon deskripsyon ki pa gen byen detaye.

- **Jan lalwa egzije sa**
- Pou **Aktivite Depatman Sante Piblik**: pou prevwa oswa kontwole maladi, domaj oswa andikap; pou fè konnen abi oswa neglijan ki fèt sou timoun; oswa jan lalwa bay otorizasyon sou sa; pou fè konnen reyaksyon medikaman oswa pwoblèm ki prezante avèk rezilta yo; pou enfòme yon moun ki riske avèk yon maladi li kab pran.
- Pou **evite yon menas grav** nan zafè sante oswa sekirite.
- Pou **anplwayè ou** (kote w ap travay la) kab fè **evalyasyon** maladi oswa domaj ki anrapò ak travay ou, oswa pou obsèvasyon medikal.
- Pou **Pwosè oswa Pwosedi Administratif**: Pou satisfè demand tribinal oswa yon lòd administratif; pou reponn yon sitasyon oswa yon demand legal.
- Pou **mete lalwa ann aplikasyon**: Pou prezante nan tribinal, pou idantifye sispèk yo, oswa pou fè konnen yon krim ki fèt nan espas BMC.
- Pou **fè biwo gouvènman ki la pou sa konnen abi oswa neglijan yo sispèk ki fèt** sou granmoun aje, sou moun ki andikape, oswa sou pasyan k ap resevwa laswenyaj nan mezon retrèt.
- Pou obeyi lalwa anrapò ak **Dedomajman Travayè** yo oswa anrapò ak menm lòt pwogram sa yo.
- **Bay enstitisyon koreksyonèl oswa ògàn ki reskonsab pou mete lòd**, si w se yon prizonye nan yon enstitisyon koreksyonèl, oswa si w an gadavi pou aplikasyon lalwa, pou yo kab ba ou laswenyaj; pou yo pwoteje sante w ak sekirite w, oswa sante ak sekirite lòt moun yo; pou pwoteje sante ak sekirite moun k ap travay nan enstitisyon koreksyonèl la.
- **Bay Ofisyè Polis Jidisyèl yo ak Doktè k ap fè Egzamen Medikal yo**: Pou idantifye, jwenn sa ki lakòz yon ka lanmò oswa pou yo fè lòt travay.
- **Bay Reskonsab Ponp Finèb yo** pou yo kab fè travay yo.
- **Donasyon Ògàn ak Tisi**: Bay ògànizasyon ki reskonsab zafè donasyon ak transplantasyon ògàn, zye oswa tisi.
- **Bay Biwo ki Okipe zafè Erè Medikal** yo pou ede yo nan aktivite tankou odit oswa sipèvizyon sistèm swen medikal la oswa pwogram gouvènman yo.
- **Men itilizasyon ak piblikasyon rechèch yo dakò san okenn otorizasyon**: lè y ap fè analiz enfòmasyon yo pou prepare rechèch la; lè y ap fè rechèch pou jwenn enfòmasyon sou lanmò moun; oswa itilizasyon oswa piblikasyon enfòmasyon yo avèk prèv ou renonse zafè bay otorizasyon an. Yon renonsasyon konsa egzije yon analiz ak yon konsantman espesyal.
- **Aktivite Espesyal Gouvènman**
  - Aktivite Militè: Pou kòmandman regilye militè yo, jan sa nesèsè, si w se yon manm pèsonèl fòs lame peyi Etazini; epitou pou manm pèsonèl fòs lame etranje, bay otorite regilye militè etranje yo.
  - Bay fonksyonè federal ki gen otorizasyon yo
    - pou sekirite legal peyi a
    - pou pwoteje Prezidan an ak lòt otorite yo.

## **Notifikasyon *Boston Medical Center* sou Pratik Medikal Prive**

### **MEN UTILIZASYON AK PIBLIKASYON ENFÒMASYON KI EGZIJE YON OTORIZASYON ALEKRI**

Lòt itilizasyon ak piblikasyon enfòmasyon medikal ou ap fèt sèlman avèk otorizasyon ou bay alekri. Pami piblikasyon enfòmasyon ki egzije otorizasyon w alekri, genyen enfòmasyon ki nan dosye tretman ou suiv pou konsomasyon alkòl oswa dwòg, enfòmasyon ki nan dosye sante mantal ou, ak enfòmasyon ki anrapò ak Maladi SIDA epitou ak tès depistaj jenetik. Ou kapab ànile otorizasyon w lan nenpòt kilè; men tou nou pa kapab re pran enfòmasyon nou deja fin bay yo avèk otorizasyon ou te ban nou an. Ou pa kapab tou ànile yon otorizasyon ki te reprezante yon kondisyon pou w jwenn kouvèti asirans. Tout ànilasyon yo dwe fèt alekri. Kontakte *BMC Privacy Officer* (Anplwaye ki reskonsab afè prive nan BMC) nan nimewo 617-414-1800.

### **DWA OU GENYEN SOU ENFÒMASYON MEDIKAL OU YO**

Anrapò ak enfòmasyon medikal ou yo nou konsève a, ou gen dwa pou w:

- mande pou gen restriksyon sou itilizasyon ak piblikasyon enfòmasyon sou dosye medikal ou genyen pou tretman, peman oswa pou fason w resevwa laswenyaj la. Tout demand yo dwe fèt alekri. Lalwa pa egzije pou nou aksepte demand restriksyon yo. Pou tretman dijans yo, nou kapab itilize oswa devwale enfòmasyon ki sou restriksyon yo. Dwa ou genyen pou w mande restriksyon yo pa ann aplikasyon sou itilizasyon ak piblikasyon ki anba egzijans lalwa.
- mande pou yo kominike ansekre enfòmasyon medikal konfidansyèl yo yon fason espesyal oswa yon kote espesyal. Tout demand yo dwe fèt alekri. Si nou pa ta aksepte demand ou, n ap egzije w pou w bay enfòmasyon sou fason ou fè peman yo, sou lòt adrès ou ak sou fason pou yo kontakte w.

- enspekte epi fè kopi enfòmasyon medikal konfidansyèl yo kapab itilize pou pran desizyon sou ou. Dwa sa a pa gen ladan enfòmasyon sou siko-terapi, done laboratwa klinik, oswa enfòmasyon yo rasanble annatandan oswa pou sèvi nan yon aksyon oswa pwosedi sivil, kriminel oswa administratif. Dwa sa a sispann pou yon ti tan jiskaske yo fin ànalize nèt enfòmasyon yo kreye oswa enfòmasyon yo jwenn nan rechèch la. Lalwa ban nou otorizasyon pou nou reklame yon frè pou kantite lajan kopi a koute.
- mande nou pou nou chanje enfòmasyon yo kapab itilize pou pran desizyon sou ou. Nou pa oblije aksepte demand ou. Nou kapab refize demand ou si: (1) BMC pa t kreye enfòmasyon an, sof si moun oswa enstitisyon ki te kreye enfòmasyon an pa disponib pou fè chanjman an; (2) enfòmasyon an pa fè pati enfòmasyon BMC konsève yo oswa enfòmasyon BMC bezwen yo pou l pran desizyon sou ou; (3) enfòmasyon an pa fè pati enfòmasyon ou gen dwa pou w enspekte yo oswa pou w fè kopi yo; oswa (4) enfòmasyon an pa manke anyen oswa li egzat. Ou dwe fè demand lan alekri, epitou ou dwe esplike pouki rezon ou fè demand lan.
- resevwa yon kontrandi sou sèten piblikasyon enfòmasyon medikal konfidansyèl ou yo. Dwa pou w jwenn kontrandi a pa ann aplikasyon sou piblikasyon enfòmasyon ou bay pèmision yo, oswa sou piblikasyon enfòmasyon anrapò ak tretman, peman epi ak fason w resevwa laswenyaj la.
- jwenn yon kopi sou Notifikasyon sa a depi w fè demand lan.

### **MEN KOUMAN POU W EGZÈSE DWA SA YO OSWA POU W JWENN PLIS ENFÒMASYON SOU NOTIFIKASYON AN**

Pou w egzèse dwa w oswa pou w jwenn plis enfòmasyon sou sa ki nan Notifikasyon sa a, tanpri kontakte:

## Notifikasyon *Boston Medical Center* sou Pratik Medikal Prive

*BMC Privacy Officer* (Anplwaye ki Reskonsab Afè Prive nan BMC) nan Boston Medical Center

88 East Newton Street  
Boston, MA 02118  
(617) 414-1800

### **MEN KOUMAN POU W POTE PLENT**

Si w ta kwè yo vyole dwa vi prive w epi ou ta vle pote plent pou sa, tanpri telefònè *Patient Advocacy Program* (Pwogram pou ede Pasyan jwenn Avoka) nan nimewo (617) 414-4970.

Ou kapab pote plent tou nan *Secretary of the Department of Health and Human Services*.

**BMC pa gen okenn vanjans pou l fè kont ou sizoka ou ta pote plent.**

### **CHANJMAN NAN NOTIFIKASYON SA A**

Se nou sèlman ki gen dwa pou fè chanjman nan Notifikasyon sa a. Se nou sèlman ki gen dwa pou fè Notifikasyon an, apre revizyon ak chanjman, ann aplikasyon sou enfòmasyon medikal nou genyen deja sou ou ak sou enfòmasyon medikal n ap resevwa sou ou alavni. N ap afiche yon kopi Notifikasyon sa a nan lopital la. Si nou ta fè chanjman nan NPP a, w ap genyen yon nouvo kopi nan pwochen vizit ou nan lopital BMC, kay doktè oswa kay nenpòt lòt doktè apre yo fin mete chanjman yo ann aplikasyon.

### **Men Sant Sante HealthNet yo**

*Codman Square Health Center*  
*Dorchester House Multi-Service Center*  
*East Boston Neighborhood Health Center*  
*Geiger-Gibson Community Health Center*  
*Greater Roslindale Medical and Dental Center*  
*Harvard Street Neighborhood Health Center*  
*Health Care for the Homeless*  
*Manet Community Health Center*  
*Mattapan Community Health Center*  
*Neponset Health Center*  
*Roxbury Comprehensive Community Health Center*  
*South Boston Community Health Center*  
*South End Community Health Center*  
*Upham's Corner Health Center*  
*Whittier Street Neighborhood Health Center*